MURARAMIRO **WEMAMETHODIST**

Chechi yeMethodist yakamutsirwa kududzira vhangeri rerudo rwaMwari rwakaratidzwa kunyika kuburikidza naJesu uye kuratidza rudairo rwayo mukunamata Mwari nokushumaira vhangeri.

Tinoedza nepatinogona pose uye Mwari ari mubatsiri wedu:

Kunamata

- Tichanamata mazuva ose
- Tichagara tichirumbidza nokunyengetera pamwe chete nevamwe nguva dzose
- Tichavavarira kuona nokunzwa huvepo hwaMwari muShoko rake nemune zvatinoona zvichiitika munyika

Kudzidza nokubatsira

- Ticharatidza hanya neupenyu hwedu pamwe nehwe vose vagere munharaunda yedu
- Ticharamba tichidzidza nekutsvakurudza nezverutendo rwedu munaMwari
- Tichachengeta nokuitira vamwe mutsa uye kupa nemufaro

Zvatinoita

- Tichabatsira vanhu vari munharaunda dzatigere nevari kune dzimwe nzvimbo
- Tichachengetedza nokubata zvakanaka zvisikwa zvaMwari nezvipo zvaakapa kunyika.
- Tichatsiura nokupikisana netsika yokubata vanhu zvisina kukodzera

Hushumiri

- Tichaudza vanhu vose nezverudo rwaMwari
- Tichararama nemutoo unokwezvera vamwe kuti vazvipire kunaJesu
- Tichapupura nekugoverana nevamwe nezverutendo rwedu

Dai mararamiro nemaitiro edu ave maropafadzo kuchechi yaMwari nenyika jekerere kuti pave neshanduko inoita kuti vanhu vagare zvakanaka vachitya Mwari.

The **Methodist** Church

MURARAMIRO **weMaMethodist**

Muraramiro wemaMethodist unokurudzira kuti tose tikure pamwe chete muchiKristu chedu. Wanai mukana wekukurukura mibvunzo iyi nevamwe nguva nenguva.

Kunamata nekurumbidza

- Unonamata zvakadii muupenyu hwako?
- Unoona zvirinyore here kana kuti zvakakuomera kuti unamate?
- Pane kazwi kawati wambonzwa here mumwoyo mako mukunamata kana pakuverenga kwako bhaibheri mazuva ano?
- Ndiriini mumazuva achangopfuura pawakanzwa kuve pedyo kana kuve kure naMwari?

Kudzidza nekubatsira

- Ndezvipi zvakanaka zvawakaitira vamwe kubva patakapedzisira kusangana?
- Wakaratidza sei moyochena ne mutsa kune vamwe mazuva mashoma adarika?
- Zvii zvaurikuita kuzvichengeta nekuzvichengetedza?
- Zvii zvitsva zvauri kudzidza parizvino uye uri kuzvidzidza sei?

Zvatinoita

- Zvii zvaurikuronga kuita kuti ubatsire vamwe vari munharaunda yako nevari kumwewo? Zvii zvinoita kuti ukwanise kana kutadza kuita zvaunenge uchida kuitira vamwe?
- Ndezvipi zvaurikuita kuchengetedza zvakasikwa naMwari?
- Uri kushandisa sei zvipo zvawakapiwa naMwari, kusanganisira mari yako?
- Ndeapi maitiro aurikuona anoratidza kusabatwa kwevanhu zvakakodzera anoda kugadziriswa? Zvii zvauri kuita kuti zvigadziriswe?

Hushumiri

- Wakapedzisira kugoverana shoko raMwari nevamwe vanhu rini?
- Wakambowana mukana here wokuudza vamwe nezvorutendo rwako muna Mwari kubva patakapedzisira kusangana?
- Zvii zvawakaita pawakawana mukana wokupupurira vamwe nezverutendo rwako munaMwari?
- Pane mumwe munhu here waunofunga kuti ungada kupupurira nezverutendo rwako rwechiKristu?

Tingabatsirana sei kuti mumwe nemumwe wedu achengetedze mhiko dzemuraramiro wedu semaMethodist?

© Trustees for Methodist Church Purposes, 2020 Registered charity no. 1132208